

**GERENTES BASA INDUNG
KA NU NGANDUNG, JEUNG PANGAGUNG*)
Dingding Haerudin**)**

Nyirorotna ajen basa indung jeung laasna raga katineung masarakatna kana eta basa lain wungkul kaalaman ku basa Indung jeung masarakat nu aya di Jawa Barat, tapi karandapan oge ku basa Indung jeung masarakatna saalam dunya. Nilik kaayaan kitu, munasabah tarekah Organisasi Perserikatan Bangsa Bangsa (PBB) ngaliwatan UNESCO ngembarkeun jeung netepkeun **Poe Basa Indung Sadunya**.

International Mother Language Day ieu teh diproklamirkeun di Paris, tanggal 21 Februari, taun 1999. Organisasi anu ngokolakeun atikan, sosial, katut budaya ieu teh narekahan sangkan basa indung nu lobana meh nepi ka 6000 rupa sa-alam dunya, digunakeun pikeun pakakas komunikasi masarakatna. Kitu ceuk Mr. Maturra nu jeneng jadi ketua UNESCO. Cenah basa indung teh lain ukur mangrupa banda pusaka warisan karuhun, tapi oge pakakas ekspresi anu nembongkeun identitas masyarakatna. Kitu oge Kofi Annan, Sekjen PBB ngarojong pisan kana ayana ieu poe basa indung sadunya. Ceuk pamanggihna, basa indung teh kudu dipikareueus ku sakum masarakatna, tarekahan sangkan di sagedengeun langgeng ayana, diparake oge ku masarakatna, sarta ngaronjat ajenna.

Enas-enasna mah gening, karempian jeung kahariwang UNESCO sarua pisan jeung masarakat Jawa Barat. Tug nepi ka kiwari, eta pasualan teh taya rengsena. Hartina, sakur basa Indung anu aya di sakuliah dunya ngalaman nasib anu sarua jeung basa Indung di urang. Ajenna ngulapes, teu pati diparake ku masarakatana, teu jadi banda pusaka anu dipupusti deui. Wajar mun kitu tea mah, dan memang kondisi mangsa kiwarina anu kacida geus robah jeung majuna.

Perkara anu mangaruhanana kacida reana, ti mimiti lingkungan campur gaul di masarakatna, anu salawasna pagilinggisik jeung masarakat sejenna; pangaruh tina mekarna teknologi, saperti radio, televisi, jeung media elektronik sejenna. Dominasi arus informasi anu beuki rongkah, beuki maju, jeung beuki canggih eta teh, loba pisan anu jadi bangbaluhna tinimbang ngarojongna. Malah mangaruhanana ge lain kana basana wungkul, dalah nepi ka watek atawa tabiat, katut pola hirup masarakatna pisan.

Tumerapna ka barudak di sakola, eta pangaruh nu ditataan di luhur kacida gedena. Barudak kurang daria dina narima pangajaran basa Indung. Padahal pangajaran basa Indung, boh di Jawa Barat boh di wewengkon sejenna, satata pentingna jeung pangajaran sejenna. Ku ngaliwatan ngaliwatan lembaga formal saperti sakola, dipiharep basa katut budayana kalawan gembleng nerap na jati dirina masing-masing.

Basa Indung (Sunda, Cirebon, Indramayu, jeung daerah sejenna) hadena mah geus diwanohkeun leuwih ti heula di lingkungan kulawarga. Ngawanohkeun jeung ngajarkeun basa Indung sawadina dimimitian ti budak umur balita. Nu jadi kolotna, boh indungna boh bapana kudu maksakeun nyarita ku basa indung ka barudakna. Sabab naon anu dicaritakeun jeung dicontokeun ku kolotna mah sok leuwih anteb tumerap ka barudakna. Kitu oge basa indung, ari dimimitian jeung dicontoan ku indung bapamana mah, pasti nurun ka barudakna. Leuwih wanoh kana basana leuwih wanoh kana budayana. Leuwih nyaho kana basana, leuwih parigel nyarita basa indungna. Saperti jalma anu keur diajar basa asing, ari mindeng mah diajarna, pasehat. Tah basa Indung oge teu pati geseh. Ku cara kitu, ajen basa Indung dina

panempo barudakna, moal geseh dihargaanana saperti ngahargaan atawa mikabutuh basa asing, atawa basa sejenna.

Dina hiji waktu saupama barudak anu arasup sakola dasar di kelas-kelas munggaran atawa di taman kanak-kanak ulah waka dileupaskeun tina basa panganteur basa indungna. Lantaran barudak kudu dilatih narima informasi resmi nu mangrupa pangaweruh ku basa indungna. Saperti anu kauni dina *The Use of Vernacular Languages in Education*, UNESCO netelakeun yen sakabeh budak, ditarekahan sangkan dina narima atikan anu munggaran teh ku basa indungna.

Hartina, dina nepikeun pangajaran di sakola anu aya di daerah Priangan jeung sabudeureunana bisa ku basa Sunda, atuh di Cirebon ku basa Cirebon, di Indramayu basa Indramayu, Di Depok basa Depok, jeung sajabana. Sabab sacara psikologis basa indung mangrupa hiji sistem tanda-tanda (tanda basa) anu euyeub ku harti jeung makna, leubeut ku ajen budayana anu nyerep yangkaruk dina uteukna, sarta nganteur ngajegkeun jati dirina. Jaba ti eta proses mikir budak bakal leuwih anteb ku basa indungna tinimbang ku basa anu can kungsi dipikawanohna.

Ceuk pangalaman Ki Sobat, mun hayang ngarasa jadi Sunda jeung mibanda budaya Sunda mah lunta-lanto we nagri deungeun, komo bari jeung lila nepi ka taunan, tangtu ngarasa kumaha sonona ka lemah cai, sono ka lembur. Sakalieun papanggih jeung batur salembur, asa di lembur, da nyarita ku basa lembur.

Naha numuwuhkeun karep ngagunakeun basa Indung kudu kawas pangalaman Ki Sobat, nu kabeneran kungsi tolak ilmu di lembur batur? Sigana mah mahal teuing, jeung pamohalan bisa kaalaman ku unggal jalma. Ceuk Ki Sobat deui wae, cenah seuweu siwi Pajajaran ulah nepi ka teu wanoh kana budayana. Gening aya paribasa, jati kasilih ku junti - mupusti budaya deungeun bari teu malire budaya urang sorangan. Anu antukna cul dog-dog tinggal igel. Adean ku kuda beureum – ngarasa reueus ku banda meunang nginjeun.

Dina hal ieu urang teu bisa nyalahkeun lingkungan kulawarga jeung sabudeureunana, atawa hal-hal sejen anu ngabalukarkeunana. Kitu oge, urang teu bisa nyalahkeun arus informasi anu sakitu ngagulidagna, sabab masarakat miboga kapentingan pikeun narima rupa-rupa informasi di alam kasajagatan kiwari, miharep mampuh ngarespon jeung ngawasa kamekaran ilmu pangaweruh, tehnologi, jeung seni. Tapi naha pikeun ngahontal eta udagan perlu mopohokeun jati dirina? Padahal bakal kacida payusna saupama masarakat bisa ngigelan jeung ngigelkeun ieu alam kasajagatan teh kalayan angger panceg miara ajen-inajen budayana anu nyangkaruk dina basana. Tangtuna oge ieu harepan urang sarerea.

Pikeun ngungkulan kaayaan anu siga kitu, pamarentah geus ngaluarkeun Perda No. 5 Taun 2003 ngeunaan miara Basa, Sastra, jeung Aksara Daerah. Ngaliwatan eta Perda dipiharep bisa mancegkeun ajen basa Indung katut ngajegkeun jati diri masarakatna. Dipiharep eta Perda jadi tetekon anu kudu dibageakeun ku sakumna masarakat, hartina sakur masarakat anu miboga karep ngahirup-huripkeun basa indung (Sunda, Cirebon, Indramayu, Depok) meunang pangrojong sagemblengna ti pihak pamarentah.

Perkara anu ngagumbirakeun urang sarerea, nya eta hojahna Gubernur Jawa Barat enggoning ngaimplementasikeun eta Perda ka masarakatna. Babarengan jeung datangna **Hari Bahasa Ibu Internasional**, dina tanggal 21 Ferbruari 2005 kamari, ditetepkeun jeung dikukuhkeun oge poe basa indung di wilayah Jawa Barat. Ngaliwatan Kepala Disbudpar Provinsi Jawa Barat (PR, 21-02-05), Danny Setiawan miharep ieu momentum Poe Basa Indung Sa-Dunya teh jadi puseur pamiangan digunakeunana basa Indung salaku pakakas komunikasi sapopoe di Jawa Barat. Hartina basa Sunda dipake pakakas komunikasi sapopoe pikeun masarakat daerah

Priangan jeung sabudeureunana, masarakat di Cirebon ngagunakeun basa Cirebon, kitu oge di Indramayu, Bekasi, Depok, jeung ku masarakat sejenna.

Pikeun ngarojong kana eta kawijakan, dipiharep pihak pamarentah ngaliwatan Dinas Pendidikan Nasional, kalawan tandes ngintruksikeun sangkan basa Indung dipake jadi basa panganteur di sakola dasar (SD) pikeun kelas-kelas awal (1-3) jeung di taman kanak-kanak (TK), katut di madrasah jeung pasantren. Sabab ngaliwatan eta lembaga-lembaga atikan, bakal mangaruhan kana intensitas komunikasi barudak dina nyarita ku basa Sunda sapopoena. Hartina guru-guru, ustad atawa kiyai dina nepikeun materi pangajaranana kudu ku basa Indung. Sabab ceuk teori jeung hasil panalungtikan, deukeutna budak jeung basa Indungna, mangaruhan kana kabiasaan jeung kaparigelan ngagunakeunana.

Ku ayana Otonomi Daerah, pamarentah bisa kalawan laluasa nangtukeun kawijakan dina ngokolakeun basa Indung di lembaga atikan. Moal disebut kaleuleuwih upama basa Indung diajarkeun nepi ka tingkat SMA oge, sabab basa Indung puguh posisi jeung kalungguhanana. Di sagedengeun identitas pribadi masarakatna, identitas daerahna, warisan karuhunna, oge ditangtayungan ku pamarentahna (anu bisa dihartikeun ti mimiti tingkat daerah kota/kabupaten, provinsi, nasional).

Malah ku penting-pentina basa Indung, di sagedengeun ditangtayungan ku UUD 1945, UNESCO mere perhatian husus kana hirup huripna basa Indung nu aya di sakuliah dunya.

*) Kungsi dimuat dina majalah Sunda *Mangle*

***) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI